MANDA POU SEVIS JIRI    NºJIRE A: **101337455**

ENPOTAN : TANPRI LI AK ATANSYON

NON: BORIS V. BANKS

NIMEWO LE W RELE SE == > **396**

**DAT AK LE POU W PARET: 04 ME, 2005 a 8:00 am**

(Lè pou w repòte ka varye. Tanpri rele pou enstriksyon sou tan espesifik pou w repòte).

**KI KOTE OU REPOTE:** TRIBINAL NAN KONTE PALM BEACH LA: 1º ETAJ, 205 N. DIXIE HWY

**ENSTRIKSYON LE WAP RELE: RELE aprè 5:00 pm dènye jou biwo ouvè avan dat ou dwe parèt la.** Pa egzanp, si w dwe parèt Lendi, rele Vandredi swa aprè 5:00 pm. Mesaj anrejistre a, yo mete l ajou a 5:00 pm epi li disponib 24 trè 7 jou pa semèn. **Rele 355-2930 lokal ou 1-888-7805032 gratis ozanviwon Leta Laflorid la.**

**Si w bezwen ASISTANS ANPLIS rele nan nimewo telefòn ki anlè a.**
Yo espere **pou sèvis ou dire longè 1 pwosè konsa. Si w rate ou pa parèt** yo ka ba w kontravansyon epi jije w pou manke tribinal la dega. FS 40.23(3). **Pou plis enfòmasyon tan pri al gade video sou oryantasyon jiri sou Kanal 20: Lendi, Mèkredi, ou Vandredi 12 midi & 10pm.**

**DEMAND POU KONPANSASYON**
**NON: BORIS V. BANKS**
**Nº JIRE A : 101337455**
**Tanpri konplete demand pou konpansasyon jire a ak shèk pou jire a nan moso papye a lè w rive pou sèvis jiri.**

Mwen sètifye ke mwen li e konpran **enfòmasyon konsènan" demand pou konpansasyon (GADE NAN DO FOM LAN).** Mwen deklare anplis ke deklarasyon sa yo aplike a mwen (tcheke yon bwat)

☐ Mwen anplwaye regilyèman e **map** resevwa salè nòmal mwen pandan map sèvi kòm manm jiri.

☐ Mwen anplwaye regilyèman, men bòs mwen **pa** peye salè nòmal mwen, **pap travay** ou **retrete** e pap resevwa peyiman pandan map sèvi kòm manm jiri.
Donk map mande konpansasyon nan men Leta oto de $15.00 pa jou pou twa premye jou yo ke map sèvi kòm manm jiri.
Siyati
x______________________________________________
Dat ___________________________________________
BAY BAGAY SA YO (si aplikab)
**NIMEWO 15èm SIKWI**
**JIDISYE -KONTE PALM BEACH FL**

Telefòn: lakay ______________________
Travay ___________________________

**NIMEWO JIRI W SE ➜ 101337455**

Non Biznis lan ak Adrès:

__________________________________

__________________________________

__________________________________

# J I R E

**SA SE**
**BADJ OU KOM JIRE ➜**

VIRE PAJ LA POU PLIS ENFOMASYON

**Si ou se yon moun ak yon andikap ki bezwen yon aranjman pou patisipe nan pwosedi sa yo, tanpri kontakte Nicole Saunders Kowòdinatè ADA nan Biwo Administratif Tribinal la , Tribinal nan Konte Palm Beach la, 205 North Dixie Highway, chanm 5.2500, West Palm Beach, Florida 33401; nimewo telefòn (561) 355-4380 nan espas de (2) jou biwo ouvè apati de lè ou resevwa notis pou sèvis jiri a. Si ou soud ou bèbè, rele 1-800-955-8771.**

**DETACHE EPI POSTE KAT POSTAL SA ➜ POU MANDE POU EGZANTE OU RANVWAYE SEVIS JIRI W LA OU ITILIZE SISTEM TELEFON OTOMATIK NOU AN POU DISKALIFIKASYON POU LAJ OU DEMAND POU RANVWAYE SELMAN (355-2930 LOKAL 1-888-780-5032 APEL LONG DISTANS GRATIS)**

YO PAP FE W KONNEN SI W SOUMET BONJAN DOKIMNAN AMWENSKE GENYEN LOT SIKONSTANS POU KONSIDERE.

**DEMAND POU RANVWAYE OU EGZANTE DE SEVIS JIRI JIRE # 101337455**

Pou **RANVWAYE:** chwazi yon dat ant 06-04-05- ak 08-04-05 **(DAT CHWAZI _______________.)**
Tribinal la ap ba w yon dat osi rapwoche ke posib de dat ou chwazi a.
**Siyen e poste kat postal sa.** Wap resevwa yon nouvo notis pou parèt 3 semèn avan nouvo dat la.

Pou yo **EKSKIZE W:** Yo ka ekskize w pou rezon ki nan lis anba yo, tanpri tcheke bwat ki apwopriye a, **siyen l e poste l.**
**Dokiman ke yo mande yo ka poste ou faks nan** 355-6775. Si yo akòde w ekskiz la ou pap resevwa oken lòt notis.

**OBLIGATWA ( yo pap pèmèt ou sèvi si yon nan sa yo aplike)**

- ☐ **Mwen pa rezide nan Konte Palm Beach la ankò. (Bay prèv rezidans kounye a)**
- ☐ **Mwen se yon ansyen kriminèl e dwa sitwayen m pako restore, epitou kounye a yap pouswiv mwen pou yon krim. (Soumèt prèv kondanasyon, lòd pwobasyon, ak / ou pyes akizasyon an)**
- ☐ **Mwen pa Sitwayen Ameriken. (Soumèt prèv ke w pa sitwayen)**
- ☐ **Moun yo voye notis la bay la desede. (Soumèt kopi Sètifika Desè)**

**OPSYONEL (Ou ka mande pou ekskize tèt ou si yon nan sa yo aplike)**

- ☐ **Mwen te sèvi nan yon Jiri Konte Palm Beach nan espas (1) an de dat pou m parèt la. FS40.013(7)**
- ☐ **Mwen aje de 70 ane ou plis e mwen ta renmen pou yo ekskize nèt ale de sèvis jiri**
- ☐ **Mwen aje de 70 ane ou plis e mwen ta renmen pou yo ekskize m de sèvis jiri sa sèlman.**
- ☐ **Fizikman mwen pa kapab oubyen mwen se premye moun kap pran swen yon moun ki enkapab medikalman (soumèt yon lèt doktè)**
- ☐ **Mwen se yon moun ansent ou yon paran, mwen pa travay anplentan e mwen responsab yon timoun anba 6 zan.**
- ☐ **Mwen se yon ofisye Federal, Leta, Lokal anplentan ou yon envestigatè pou yon ajans ki fè respekte lalwa ( anwetan pèsonèl ki retrete) Nimewo badj ____________________**
  **Depatman ______________________**

**SIYATI X_______________________________________ TELEFON ____________________**

Si Yo Pa Delivre Nan 5 Jou Retounen nan
**15th JUDICIAL CIRCUIT JURY OFFICE**
**PALM BEACH COUNTY COURT HOUSE**
**205 NORTH DIXIE HIGHWAY**
**WEST PALM BEACH, FLORIDA 33401-4640**

**TANPRI REFERE A NIMEWO JIRI A 101337455 SOU TOUT KORESPONDANS.**

## ENPOTAN: NOTIS POU JIRI - - - LI AVEK ATANSYON

**TANPRI KENBE TOUT NOTIS LA AMWENSKE YO SOUMET KORESPONDANS LA**

➞RETIRE AKOTE YO AVAN ➞

→ EPI, PLIYE, FE YON PLI E DECHIRE BOUT PAPYE SA NAN TI TOU YO →

**REKET POU ENFOMASYON SOU KONPANSASYON**

**DAPRE SEKSYON 40.24, LWA ETA LA FLORID YO, JIRE KI ANPLWAYE REGILYEMAN EPI KI KONTINYE AP RESEVWA SALE NOMAL PANDAN LAP SEVI KOM JIRE PA KALIFYE POU RESEVWA KONPANSASYON NAN MEN LETA POU TWA PREMYE JOU SEVIS JIRI A. JIRE YO KI PA ANPLWAYE REGILYEMAN OUBYEN KI PA KONTINYE AP RESEVWA SALE NOMAL PANDAN LAP SEVI KOM JIRE KALIFYE POU RESEVWA $ 15.00 PA JOU POU TWA PREMYE JOU SEVIS OU YO KOM JIRE. CHAK JIRE KI SEVI PLIS KE TWA JOU DWE TOUCHE $30.00 PA JOU POU KATRYEM JOU SEVIS EPI TOU CHAK JOU KI VIN APRE MENM SI W ANPLWAYE OU NON.**

**TRAVAY REGILYE GEN LADAN L TRAVAY ANPLENTAN AK TRAVAY TAN PASYEL, TANPORE AK TRAVAY KONSA KONSA OSI LONTAN KE ORE TRAVAY MANM JIRE KA DETEMINE PA YON ORE OU KOUTUM AK PRATIK KI TE ETABLI PANDAN YON PERYOD DE TWA MWA AVAN SEVIS JIRI A KOMANSE.**

**TANPRI RANPLI REKET JIRE SA POU JWEN RESI KONPANSASYON AVAN OU RIVE EPI REMET LI NAN GICHE BIWO JIRI A.**

**NOT: SEKSYON 837.06 LWA FLORIDA, FE LI YON OFANS KRIMINEL DE DEZIEM DEGRE LE W FE YON FO DEKLARASYON PA EKRI NAN ENTANSYON POU TWONPE YON ANPLWAYE LETA PANDAN KE LAP FE SEVIS OFISYEL LI**

**PAKIN: YO BAY PAKIN SELMAN NAN KOTE YO KI ENDIKE NAN CHEMA ANBA A. LE W REPOTE POU SEVIS JIRI, TIKE PAKIN YO NAN LOKASYON SA DWE SIYEN NAN BIWO JIRI A POU PAKIN GRATIS. TREN DISPONIB ALE RETOU POU VIL WEST PALM BEACH, OTOBIS KI PRAN LAJAN MONNEN YO KA MENNEN W TOU NAN TRIBINAL LA. POU ENFOMASYON SOU LOT ORE OTOBIS NAN ZON OU AN, RELE PALM TRAN 841 - 4BUS OU 930 - 4 BUS ( NIMEWO LONG DISTANS GRATIS)**

**YO PAP REANBOUSE MILEAJ AK TIKE TREN TRI-RAIL.**

**<u>PAKIN GARAJ POU SANT JIDISYE A</u>**

**① Se yon parking garaj koulè pèch (Sitiye nan kwen Banyan ak Quadrille alwes Tribinal la )**

**② 4 ST LOT Kwen 4st ak Olive Ave.**




EFOMASYON TRI-RAIL POU TRIBINAL PALM BEACH

Enstriksyon yo: Pran Tren an desann nan Estasyon West Palm Beach, transfere nan Bus (Palm Tran Route #50) ki pral nan Tribinal la. Bus #50 ap debake epi anbake pasaje yo kap retounen kote bus yo rete a nan kwen S.E Banyan ak Quadrille.

ORE AM POU NO ORE PM POU SID

P602 P60 P606 P619 P921

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Boca Raton | 6:.33 | 7:33 | 8:33 | W.Palm Bch | 4:03 | 5:03 | 6:03 |
| Delray Bch | 6:39 | 7:39 | 8:39 | Lake Worth | 4:12 | 5:12 | 6:12 |
| Boynton Bch | 6:47 | 7:47 | 8:47 | Boynton Bch | 4:18 | 5:18 | 6:18 |
| Lake Worth | 6:53 | 7:53 | 8:53 | Delray Bch | 4:27 | 5:27 | 6:27 |
| W.Palm Bch | 7:04 | 8:04 | 9:04 | Boca Raton | 4:33 | 5:33 | 6:33 |

<u>LOKASYON BIWO JIRI</u>
205 North Dixie HWY
W. PALM BEACH, FL33401
355-2930
<u>NIMEWO GRATIS LETA LAFLORID</u>
1-88-780-5032
TDD ITILIZATE YO
<u>NIMEWO GRATIS LETA LAFLORID</u>
1-88-780-5104
<u>NIMEWO FAKS</u>
355-6775
<u>(Long Distans)</u>
1-561-355-6775

←
POU MANDE YON LOT DAT OUBYEN EGZANSYON, KONPLETE FAS KAT POSTAL LA, DETACHE, AJOUTE TENB APWOPRIYE EPI POSTE.

**CHE JIRE PROSPEKTIF,**

**YO CHWAZI W PA AZA POU SEVIS JIRI NAN KENZIEM SIKWI JIDISYE, NAN KONTE PALM BEACH LA, FLORIDA. NOTIS SA GEN LADAN L ENFOMASYON ENPOTAN KONSENAN SEVIS JIRI. OU DWE LI DOKIMAN SA AVEK SWEN.**

**SEVIS KOM JIRE KA SWA JIRE NAN YON PWOSE OU NAN GRAN JIRI. JIRE NAN PWOSE YO SEVI POU YON PWOSE . GRAN JIRE YO RANKONTRE KEK JOU KEK FWA PANDAN YON PERYOD PWOLONJE. SI ALAFEN JOUNEN AN OU PA FE PATI DE YON JIRI PATI DE PANEL NAN PWOSEDI SELEKSYON JIRI A, KONSA YO KA EKSKIZE W.**

**LWA LAFLORID GARANTI KE NENPOT MOUN KE YO BAY NOTIS POU SEVI NAN YON JIRI NAN FLORID, PLAS TRAVAY LI DWE BA LI PEMISYON POU LI ALE AKOZ DE NATI E DIRE SEVIS JIRI A. SI GEN YON MALADI GRAV NAN FANMI W OU YON LOT PWOBLEM SERYE KI FE KE LI ASE DIFISIL POU OU RESPEKTE KONDISYON NOTIS SA NAN DAT KE YO ESPESIFYE A, POU MANDE YON RELACH TANPRI BAY YON EKSPLIKASYON PA EKRI. OU DWE METE NIMEWO JIRE W NAN TOUT KORESPONDANS EPI OU DWE VOYE REKET LA PA LAPOS A BIWO JIRI A NAN 205 NORTH DIXIE HWY, WEST PALM BEACH, FL, 33401-4640. YO DWE RESEVWA LET SA OMWEN DIS (10) JOU AVAN DAT SEVIS LA.**

**SEVIS JIRI SE ALAFWA YON DEVWA AK YON PRIVILEJ. SE TOU YON EKSPERYANS ENTERESAN KI AP ANSEYE W PLIS DE SISTEM JISTIS NOU AN. PANDAN KE SEVIS JIRI A KA MANDE POU W REAJISTE ORE NOMAL OU YO, MWEN ESPERE KE NENPOT ENKONVENYANS KA MINIM EKE WAP KONTAN POU OPOTINITE POU WE TRIBINAL LA AN AKSYON. MESI DESKE WAP PATISIPE NAN PWOSESIS VITAL SA DE SOSYETE DEMOKRATIK NOU AN.**

**SENSEMAN, EDWARD H. FINE, JIJ AN CHEF**